чальником этого направления, а результаты, полученные Зариповым носят фундаментальный характер.

В музыке особенно ощутимо проявляется интуитивная деятельность как при сочинений, так и при ее прослушивания. Даже любители музыки часто сочиняют «правильные» мелодии, не зная ни музыкальной грамоты, ни правил построения музыкальных сочинении, по интуиции, основанной на опыте, который также неосознанно приобретаются при прослушиваний музыки. Именно здесь и проявляется явление переноса инвариантных музыкальных структур.

Говоря о практических результатах при сочинении профессиональной музыки, рассмотрим только одного из многих метода условно названного «методом заготовок» (термин Р.Х.Зарипова) [3:100]. При сочинений музыки нетрадиционной структуры, полученные машинные варианты различных музыкальных фрагментов требует отбора, который проводится композитором – наиболее удачные «сочинения» он включает в свои произведения. Для каждого фрагмента заготовки должны удовлетворять определенным условиям, предусмотренным в программе. Таким образом, машина используется для разработки идей композитора. Такой способ сочинения разработал французский композитор Янис Ксенакис, его музыке нетрадиционного направления эта идея оказалось плодотворной, она нашла свое продолжение в творчестве П.Барбо. Компьютер здесь осуществляет сложный расчет структуры на основе принципов математической вероятности, формальной логики, теории групп.

Таким образом, музыкальный компьютер становится помощником композитора при выполнении ручной части его работы. Так, для воплощения воображаемого композитором образа мелодии, необходим отбор из памяти человека конкретных музыкальных средств, которых может оказаться не вполне достаточно для реализации творческого замысла. Подобное происходит и в деятельности поэта, и научного работника, и изобретателя. В этом случае может быть полезен компьютер с его феноменальными вычислительно-логическими возможностями к выполнению таких операций, которые до недавнего времени считались приоритетом человека, наделённого интуицией.

**Литература**


1. Ульянич В.С. Компьютерная музыка и освоение новой художественно-выразительной среды в музыкальном исскустве: Автореферат к.иск. –М.: 1997, -С. 24 9(205)
2. Жан Мишель Жарр: электронная легенда ушедшего века// Музыка и электроника. 2005, №3 – С.12-13. (91)
3. Зарипов Р.Х. Моделирование музыкальных сочинений на вычислительной машине и оценка машинных композиций//Точные методы и музыкальное исскуство: Материалы к симпозиуму. 1972, -С.96-108.
4. Чибирев С.В. Исследование математических моделей, разработка алгоритмов интерфейса программного комплекса обработки звуковых фрагментов в формате MIDI: Автореферат дис.канд.тех.наук. СПб., 2006. -С.18.



**РЕЗЮМЕ**

Ушбу мақолада электрон мусиқа эволюциясини мусиқий компьютер таъсири ёрдамида яратиш жараёни таҳлил қилинган. Мусиқий композицияни тўғридан-тўғри компьютерда фойдаланиш, рақамли технологиялардан фойдаланган ҳолда электрон товушларни яратишнинг афзалликлари кўриб чиқилган. Электрон мусиқанинг ривожланишининг таҳлили, унда буюк олимларнинг ҳиссаси ва уларнинг бу йўналишдаги тадқиқотлари баён этилган.

**РЕЗЮМЕ**

В данной статье анализируется эволюция развития электронной музыки во взаимодействии с музыкальным компьютером. Рассмотрены преимущества сочинения музыки непосредственно с использованием компьютера, создание электронных звуков с помощью цифровых технологии. Проведен анализ процесса развития электронной музыки, вклад великих учёных и их исследования в этом направлении.

**SUMMARY**

This article analyzes the evolution of electronic music via musical computer. The advantages of using composing music directly from a computer, creating electronic sounds via digital technologies are considered. The analysis of the development of electronic music are deliver with the help of great scientists contribution and their research in this direction.


## JÁMIYETTI DEMOKRATIYALASTÍRÍWDÍ JAŃA BASQÍSHQA KÓTERIWDE SHAŃARAQ INSTITUTÍNÍŃ ORNÍ


**A.Allambergenov** - *filologiya ilimleriniń kandidatı, docent*

*Ajiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*



**Tayanch sòzlar:** oila, millat, xalq, demokratiya, tarbiya, manaviyat, sog'lom farzand, ijtimoiy himoya.

**Ключевые слова:** семья, нация, народ, демократия, воспитание, духовность, развитый ребенок, социальная защита.

**Key words:** family, nation, people, democracy, upbringing, spirituality, healthy child, social safety.


Bizge belgili ǵárezsizlik sharapatı menen ruwxıy tikleniw processleri tez ózgerip atırǵan mámleketimizde sociallıq turmısta shańaraq institutı bir qansha bekkemirek orın iyelep barmaqta.

Shańaraq ǵárezsiz sociallıq institut bolıp qálipleskennen berli ǵáresizlikke shekem kóp hám qıyın joldı basıp ótti. Hár bir tariyxıy dáwirde shańaraq aǵzalarınıń óz ara múnásibetleri hár qiyli mazmun menen bayıp bardı. Shańaraqtıń jámiyettegi kerekli social institut sıpatındaǵı ornı tuwralı oyshıllarımız kóp ibratlı gáplerdi aytqan. Tiykarınan, bul haqqında tereń pikir júritkenler Abu Nasır Farabiydiń «Faziyletli adamlar qalası», Abu Rayxon Beruniydiń «Minerologiya», «Geodeziya», «Hindistan», «Ótken áwladlar estelikleri», Abu Ali İbn Sinanıń, «Adeplilk páni», «Shańaraq xojalıǵı», Alisher Nawayınıń, «Hayrat-ul Abrar» hám «Mahbub-ul qulub» shıǵarmalarında óz kórinislerin tapqan.

XX ásir baslarında watanımızdıń milliy azatlıq gúresshileri bolǵan jadidler shańaraq institutı arqalı jámiyetti jańalaw ushın umtılǵan. Shańaraqtıń huqıqıy tiykarları mámleketimiz Konstituciyasiniń 66-babında «Er jetken, miynetke jaramlı ballar óz ata-anaları haqqında ǵamxorlıq qılıwǵa májbúr», dep aytılǵan. Bul Ózbekstanda ata-ana hám perzent múnásibetleri ulıwma mámleketlik dárejesindegi áhmiyetli másele ekenliginen derek beredi. Jadidler háreketiniń iri qadaǵalawshısı professor A.Fitrat ózi jasaǵan dáwir turmısı haqqında ashınıp xalqınıń awhalı ayanıshlı, xalıqtıń ulıwma jáhán processlerinen artta qalǵan, ruwhıy qıynalıw júz bergenligin jazadı. Bul tosattan emes edi. Sebebi, ótken ásirdiń basında yaǵnıy A.Fitrat jasaǵan dáwirde shıǵıs shańaraqlarına batıs turmıs tárizi sińdirile baslaǵan edi. Ol óziniń «Shańaraq yaki shańaraqtı basqarıw tártipleri» shıǵarmasında shańaraq yaki shańaraqtı tuwrı qurıw, shańaraqta jas áwladqa dene tárbiyası, ádep – ikramlılıq tárbiya beriw arqalı usı turǵınlıqtan qutılıw, jámiyetti jańalaw múmkinshiligin bayan qılǵan. «Millet tágdiri mine usı millet wákilleri jasaǵan shańaraqtıń jaǵdayına baylanıslı». Qay jerde shańaraq múnásibeti kúshli tártipke tayansa, mámleket hám millet sonsha kúshli hám tártipli boladı»[1]-dep jazadı. Fitrat shıǵarmasında óz pikirin dawam ettirip, «Eger bir mámleket xalqı ádep ikramsız hám zorlıq penen shańaraqlıq múnásibetlerdi hálsizlendirip jiberse hám tártipsizlikke jol qoysa, sonda bul millettiń keleshegi hám

turmısı gúman astında qaladı»[2], degen pikirinde de tereń máni bar. Bizge belgili shańaraq institutı búgingi kunde fundamental ózgerislerdi bastan keshirmekte. Lekin Batıs dúnyasında júz berip atırǵan sociallıq ózgerislerdi óz halınsha Shıǵıs dúnyasına, tiykarınan, Ózbekstan turmıs tárizine kóshirip aytıw tuwrı emes. Shańaraq millet abırayın joqarı mártebege kóteretuǵın mehr-múriwbet hám mádenyat oshaǵı da esaplanadı. Maǵanasına kóre, shańaraq eki jınısqa tiyisli insanlardıń yaǵnıy, erkek hám hayaldıń óz ara birgelikte jasay baslawı, muhabbatı, bir-birin ańlaǵan halda turmıs keshiriwi hám kóbeyiw tilegi, jámiyetti toltırıw, áwladlardı jańalap turıw, eń áhmiyetlisi, «Onı ekonomikalıq hám ruwxıy-ádep ikramlılıq tárepten bekkemlew jolında birgelikte qılatugın háreketiniń ónimi»[2].

Shańaraqtıń bekkemligi hám mámleket turaqlılıǵı menen birdey hádiyse sanaladı. Xalqımızdıń uzaq jıllıq, qıyın tariyxıy mádeniy tájiriybesi dawamında júz bergen waqıya-hádiyseler áhmiyetin jámiyettiń birinshi buwını bolǵan shańaraqtan izlew tendenciyasın kóplep alımlarımız shıǵarmalarında ushıratamız. Milletimiz basına túsken awır jaǵday dáslep shańaraq tárbiyasındaǵı kemshilik aqıbeti ekenin ańlaǵan. Bunnan qutılıwda shańaraq tárbiyası áhmiyetli rol oynaydı dep úmit qılǵan. Fitrattıń «Shańaraq, yaki shańaraqtı basqarıw tártipleri» shıǵarmasında bul haqqında ibratlı pikirlerdi bildirgen:

«Hár bir millettiń keleshegi hám izzeti, álbette, sol xalıqtıń ishki tártibi hám tatıwlıǵına baylanıslı,-dep jazadı ol,-tınıshlıq hám tatıwlıq bolsa, sol millet shańaraqlarınıń tártibine tayanadı. Qay jerde shańaraq ǵárezsizligi kúshli tártip hám tárbiyaǵa tayansa, mámleket hám millet hám sonsha kúshli hám tegis boladı». Bul ámelde shańaraq baslıǵınıń roli ayrıqsha orın tutadı. Shańaraq aǵzaları ortasında óz ara húrmet, mehr-múriwbet hám aqıbet faktorları salamat dógerekti jaratadı.

Demokratiyalıq jamiyet qurıwdıń áhmiyetli principlerinen biri erkin puqara shaxsın qáliplestiriw menen baylanıslı. Erkinlik bolsa shańaraqtaǵı sociallıq tárbiya baǵdarınıń ónimi. Áne sol process xalqımızdıń turmıs tárizi, demografiyalıq halatınada baylanıslı. Bul haqqında áhmiyetli mashqala-ózbek shańaraqlarınıń kóp perzentliligi. Sonıń ushın xalıqtıń kóbeyip barıwında, onıń sociallıq-ekonomikalıq rawajlanıwında shańaraqtaǵı perzentlilik zárúr áhmiyetti quraydı. Ózbekstannan nekeden ótiw, shańaraq qurıw jaǵdaylarınıń joqarılap hám shańaraq sanınıń kóbeyiwine, bul bolsa óz náwbetinde, tuwılıwdıń ósiwine baylanıslı. 1960-jılda respublika boyınsha shańaraq aǵzalarınıń ortasha sanı 4,7 adamdı quraǵan bolsa, 1992-jılda 5,5 1994-jılda 5,4 adamdı quraydı [3].

2000 jıl maǵlıwmatlarǵa kóre, shańaraq aǵzalarınıń ortasha sanı 5,2 adamnan ibarat. Mámleketimizde 1992-jıldıń «Shańaraq jılı» dep daǵazalanıwı hám sol múnásibet penen shańaraq máplerin támiynlew barısında ámelge asırılıp atırǵan islerdiń tájriybede usınıs etiliwi respublikamızda shańaraq, analıq hám balalıqtı sociallıq qorǵaw, demokratiyalıq qádiryatlardıń qáliplesiwinde zárúrli orınǵa iye bolmaqta. Ǵárezsizlik jıllarında shańaraq máselelerin milliy-ámeliy úyreniwde milliy hám diniy qádiryatlarımızdıń áhmiyetine úlken itibar beriliwi bolsa, bul haqqında úlken imkaniyatlardı júzege keltirmekte. Bul imkániyat shańaraq aǵzaları ruwxıylıǵın kóteriwge, salamat turmıs tárizin jaratıwǵa xizmet qılmaqta. Jaslarımızda shańaraqqa bolǵan húrmeti aspaqta.

Hayallardıń sociallıq turmıstaǵı abırayın asırıwǵa qaratılǵan bárshe imkaniyat hám say-háreketlerdi birlestiriw, olardı turmıs sharayatların jaqsılıw arqalı jámiyettiń jańalawında hayallar qatnasıwın kúsheytiw ushın sharayat jaratıw baslı wazıypalardan biri bolıp qalmaqta. Mámleketimizde 1999-jıl «Hayal-qızlar jılı» dep daǵaza qılınǵan edi. «Hayal- qızlar jılı» múnásibeti menen qabıl qılınǵan mámleket dástúri mámlekettiń siyasıy, ekonomikalıq hám sociallıq turmısında, bazar ekonomikasın qáliplestiriw hám de jámiyettiń ruwxıy-siyasıy tiykarların bekkemlewde hayallardıń abırayı, ornın bekkemlewge qaratıldı.

Shańaraqta Watan tárbiyası ulken áhmiyetke iye. Watanǵa bolǵan mehr ata-anaǵa, aǵa-inilerge, jaqın aǵayinlerge, qońsılarǵa bolgan múnásibetten baslanadı.

Ǵárezsizlikke eriskennen sońǵı jigirma toǵız jıl jańa qádiryatlarǵa ótiw, ózlestiriw hám bul qádiryatlar tiykarında basqasha jasawdan ibarat qıyın processlerdi bastan ótkeriw dáwiri boldı. Bir ǵana gimn mısalın alayıq. Tariyxıy dereklerdiń gúwalıq beriwinshe, gimnler Watan jolında jalǵız janın tigip, qurban bolǵan pidayı qahramanlar ruwhına baǵıshlaw, jáne hám anıǵıraq aytatugın bolsaq, bayram gimni dep te aytıladı. Gimn aytılatuǵın waqıtta ómirden ótken adamlar ruwxınıń húrmeti ushın adamlar óz orınlarınan turıp xor menen gimn aytqan.

Uzaq jıllar dawamında ámelge asırılgan gúzetiwler xalqımız tariyxınıń izleniwshilik penen islengen juwmaǵı sonnan gúwalıq beredi, shańaraqta ata-ananıń perzentleri menen qansha kóp waqıt birge bolıwı óz ara pikirlesiwler mehir tuyǵısın bekkemlewge alıp keledi. Mehir tárbiyası shıǵıs shańaraqlarında túrli dárejede ekenligi ótkizilgen sociologiyalıq izertlewler hám gúzetiwlerden málim boldı. Sol nárse itibarǵa ılayıq, respublikamızdıń túrli aymaqlarında jasawshı zıyalılardıń (oqıtıwshılar, shıpakerler, injenerler, basqarıw tarawı wákilleri joqarǵı maǵlıwmatlı isbilermenler) óz perzentleri menen bir kúndegi sóylesiwler muǵdarı ortasha 10-15 minut átirapında ekenligi táshwishke saladı.

Shańaraq átirapında ata hám analardıń máselesi perzentler táǵdiri ushın rawajlanǵan barlıq mámleketlerde hár dayım kún tártibinde turadı. Tiykarınan, Yaponiyada ótkerilgen izertlewlerge qaraganda óz ara tanıs bolgan hayallardıń bir-biri menen ushırasıp sóylesiwlerinin jıynaǵında 30% shekem waqıtın óz perzentleriniń oqıw hám islerindegi awhalı, 20% waqıtın jeke rawajlanıw yaǵnıy ózlestirgen jańa kásipleri, oqıǵan kitapları, kórgen filmleri, haqqında hám tek 20% shekem waqıtın tanıs bilisleriniń kommunal halatı, densawlıǵı, turmıs ortaǵınıń mashqalaları máselelerine bánt eter eken.

Salıstırıw ushın Ózbekstan hayallar ortasında Tashkent mámleketlik Mádeniyat institutı «Sociologiya» kafedrası alımları tárepinen ótkerilgen izertlewde zıyalı hayallar arasında 10%, isbilermenler ortasında 5-7% , awıl hayallar arasında 3-5% waqıtın perzentleriniń tálimdi ózlestiriwleri awhalına ajıratılar eken. Usı payıtta hayallardıń sóylesiwleri jıynagı 40-50% shekem waqıt kommunal turmıs táshwishleri, qońsılar mashqalaları, dos hám tanıslar táǵdiri sıyaqlı máseleler juwmaǵına baǵıshlanǵanlıǵı anıqlanǵan.

Bir qarawda sociallıq tárepten onsha áhmiyetli túyilmeytuǵın usı salıstırmalı juwmaq analardıń óz perzentleri tarbiyası, olardı úlken turmısqa maqsetli tayarlap barıw, máselelerdegi ornın, songı nátiyjede bolsa mámlekettiń ulıwma rawajlanıwı halatına bolǵan.

Ǵárezsizlik sharapatı menen mámleketimizde shańaraq institutına úlken sociallıq dıqqat berip kelinbekte. Onıń dálili sıpatında mámleketimizde dástúrge aylanǵan hár bir jılǵa tiykarǵı dıqqat-itibar qaratıp atırǵanlıǵı úlken áhmiyetke iye bolǵan. Sonday-aq, elimizde «Shańaraq jılı», «Salamat áwlad», «Analar hám balalar», «Abat máhálle» jılları dawamında shańaraqqa, perzent tárbiyasına itibar qaratılıp kelinbekte.

Jamiyetimizdiń tiykarı bolǵan shańaraq institutın jáne de bekkemlew hám rawajlandırıw, shańaraqlardı, ásirese, jas shańaraqlardıń huquqıy hám sociallıq-ekonomikalıq máplerin qorǵaw hám qollap-quwatlawdı kúsheytiw barısında alıp barılıp atırǵan barlıq islerdi sapa jaǵınan jańa basqıshqa kóteriw, salamat, ruwxıy jetik hám hár tárepleme

rawajlanǵan barkamal áwladtı tárbiyalawda shańaraqtıń rolin asırıw, bekkem, salamat shańaraqtı qáliplestiriwde shańaraqtıń statusın bekkemlew hám rolin kúsheytiwge tiyisli anıq maqsetke baǵdarlanǵan keń kólemli is-ilajlar kompleksin ámelge asırıw maqsetinde mámleketlik dástúrler ámelge asırıldı.

Búgingi kúnde elimizde ámeldegi nızam hújjetlerine shańaraq institutın rawajlandırıw hám jetilistiriwge qaratılǵan zarúr ózgeris hám qosımshalar kiritilip, jańa nızamlar, qaǵıyda hám normalar islep shıǵılmaqta ham bul máselege jámiyetimiz itibarın jáne de kúsheytiw maseleleri sonday-aq:

- jas shańaraqlarǵa itibar hám ǵamxorlıqtı kúsheytiw, olardı huquqıy hám sociallıq qorǵawdı támiyinlew, materiallıq hám ruwxıy tárepten keń qollap-quwatlaw, usı tárepten, qolaylı hám jana úy-jay menen támiyinlew, zarúr jeńillikler beriw;
- jámiyetimiz hám kúndelikli turmısımızda máhalle institutınıń rolin jáne de kúsheytiw hám statusın asırıw, máhalle hám puqaralardıń ózin-ózi basqarıw organları áhmiyetin, jas shańaraqlardı qollap-quwatlaw hám de qáliplestiriwde olardıń tásirin kúsheytiw;
- shańaraq, birinshi gezekte, kem támiyinlengen shańaraqlardıń mashqalaların sheshiwde mámleket hám jámiyet tárepinen ǵamxorlıqtı jáne de kúsheytiw, olarǵa materiallıq járdem kórsetiw hám perzentlerdi tárbiyalawda sociallıq qollap-quwatlaw, múnásip sociallıq-turmıslıq sharayatlar jaratıw, bunda shańaraqtı bekkemlewde tiykarǵı júkti óz jelkesine alǵan hayallarǵa óz aldına itibar qaratıw;
- "Salamat ana - salamat perzent" principine muwapıq sańaraq salamatlıǵın, analıq hám balalıqtı qorǵaw dizimin jáne de jetilistiriw;
- jámiyetimizdiń ruwxiy negizlerin jáne de rawajlandırıw, milliy qádiriyatlardı asirap-abaylaw hám bekkemlew, jámiyetimizde jetik ruwxiy ortalıǵın keń qarar taptırıw, milliy mentalitetimizge ulıwma jat bolǵan hám kúsheyip baratırǵan hár qıylı zıyanlı tásirlerge qarsı turıwda shańaraqtıń ornı hám áhmiyetin asırıw;
- fizikalıq jaqtan salamat, mánawiy jetik hám hár tárepleme rawajlanǵan barkamal awladtı tárbiyalawda shańaraqtıń rolin kúsheytiw hám usı maqsette shańaraq institutınıń tálim hám de tárbiya mákemeleri menen óz ara ámeliy birge islesiwdi bekkemlew, olardıń jaqın hám nátiyjeli birge islesiwin támiynlew siyaqlı principlerdiń bas baǵdar etip alınıwı shańaraq institutına úlken dıqqat-itibardı bildiredi.

Juwmaqlap aytqanımızda, Prezidentimiz SH.M.Mirziyoev: «Shańaraq-men ushın muqaddes. Muqaddesligi sonda, eń dáslep qay jerde islewinen, kim bolıwına qaramastan, eger shańaraqta tárbiyaǵa, shańaraq ortalıǵına, shańaraqta hadallıq, munasibet, perzentleriniń tárbiyasına júdá úlken itibar beriwi kerek», - degenindey har bir ata-ana óz shańaraǵında perzent tárbiyasına úlken itibar berse, kewil awdarsa, álbette ol shańaraqta awızbirshilik, tınıshlıq, bereket boladı.

## Ádebiyatlar


1. A. Fitrat «Oila yoki oilani boshqarish qoidalari». –T.: "Manaviyat". 2000.
2. Safarov O., Mah'mudov M. «Shańaraq ruwxıylıgı». –T.: " Ruwxıylıq" 1998.
3. Qarańız: İnsanıy rawajlanıw boyınsha esabat. –T.: "Ózbekstan", 1995.



**REZYUME**

Mustaqil O'zbekiston Respublikasıda jamiyatni demokratiyalastirish va yangi bosqıshqa kotarishda oila institutining ornı ilmiy jihatdan asoslab beriladi.

**РЕЗЮМЕ**

В статье научно аргументируется место института семьи в процессе повышения на новый уровень демократизаций общества в Независимой Республике Узбекистан.

**SUMMARY**

The article deals with scientifically argumentation of family Institution's place in the process of democratization into new level society of Independent Uzbekiston Republic.


# СОВРЕМЕННАЯ ШКОЛА: СОСТОЯНИЕ ТУПИКА ИЛИ ДВИЖЕНИЕ ВПЕРЕД


**Г.Ж.Алламуратова** – *кандидат филологических наук, доцент*

*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*



**Таянч сўзлар**: таълим, бадиий адабиёт, ёш авлод, касбий маҳорат, компетенция, академик билим, мавжудлик.

**Ключевые слова**: образование, художественная литература, молодое поколение, профессионализм, компетенция, академические знания, доступность.

**Key words**: education, fiction, young generation, professionalism, competence, academic knowledge, accessibility.


В наши дни проблема образования стала камнем преткновения к достижению одной из главных целей – построение свободного, демократического и процветающего государства [5:56].

Размышляя над этим вопросом – об интересе молодого поколения к образованию, о потере увлечения к чтению книг, о пассивном отношении к культурно-массовым мероприятиям, приходим к замкнутому кругу.

Вся система образования строится по следующему принципу: прохождение дошкольного образования, затем школьного (начальные и старшие классы), высшее образование, магистратура, докторантура и т.д. Задача Вуза воспитать достойного, знающего профессионального специалиста, который в свою очередь должен суметь обучить целеустремленных школьников или студентов колледжей и лицеев. И так в каждом направлении, в каждой специальности.

Неудивительно, что, когда Вузы заканчивают выпускники, не отвечающие современным требованиям, и при этом берут на себя ответственность обучать юное поколение, результат очевиден: за парты высших учебных заведений садятся студенты, не готовые получать и воспринимать академические знания.

Как педагога, переживающего за благополучие своей страны, меня стал интересовать вопрос: в чем причина нынешнего состояния системы образования, которая не всегда способна идти в ногу со временем и отвечать ее современным запросам.

Чтоб быть более объективной в ответе на поставленную проблему, я обратилась с этим вопросом к школьникам и студентам. Все в один голос ответили – нехватка времени. А причиной этой проблемы, по словам той же молодежи, является Интернет. Я бы внесла некоторые коррективы, отметив, что, скорее всего, это засилье социальных сетей. Пока молодое поколение, которое не несет ответственность за семью, за близких, не обремененное бытовыми, социальными проблемами, не способно правильно проставлять приоритеты и распределять с пользой для дела время.

Несомненно, что существуют и другие факторы, которые затормаживают интерес молодежи к образованию, к стремлению становиться профессиональными специалистами. И решение многих из них, зависит уже не от педагогов.

Поэтому в нашем случае, хочется отметить недостатки, напрямую зависящие от ученых и учителей.